# Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Ken`esi Baslıg`ının` orınbasarı



**Jumanov Muratbay Arepbaevich**

## Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Ken`esi Baslıg`ının` Jaslar siyasatı, sotsiallıq rawajlandırıw ha`m ruwxıy-ag`artıwshılıq isleri boyınsha orınbasarı

| | |
|---|---|
| **Ma`nzil** | No`kis qalası G`a`rezsizlik ko`shesi 50-jay |
| **Telefon:** | 0 (361) 2225906 |
| **E-xat:** | m.jumanov@exat.uz |
| **E-mail:** | info@sovminrk.gov.uz |
| **Qabıllaw ku`nleri:** | Sa`rshembi saat 10:00 - 12:00 |

**Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Ken`esi Baslıg`ının` orınbasarı**

**Jaslar siyasatı, sotsiallıq rawajlandırıw ha`m ruwxıy-ag`artıwshılıq isleri Kompleks basshısının` funktsiyalıq wazıypaları haqqında**

**REJE**

**1-bab. Ulıwma qag`ıydalar**

1. Bul Reje Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Ken`esi Baslıg`ının` orınbasarı

– Jaslar siyasatı, sotsiallıq rawajlandırıw ha`m ruwxıy-ag`artıwshılıq isleri Kompleks baslıg`ının` (keyingi orınlarda Kompleks baslıg`ı dep ataladı) funktsiyalıq wazıypaların belgileydi.

2. Kompleks baslıg`ı Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarg`ı Ken`esinin` Baslıg`ına ha`m Ministrler Ken`esinin` Baslıg`ına esap beredi.

3. Kompleks baslıg`ı o`z jumısında O`zbekstan Respublikası menen Qaraqalpaqstan Respublikasının` Konstitutsiyaları ha`m nızamlarına, O`zbekistan Respublikası Oliy Majlisi palatalarının` qararlarına ha`m basqa da hu`jjetlerine, O`zbekstan Respublikası Prezidentinin` pa`rmanlarına, qararları menen biyliklerine, Ministrler Kabinetinin` qaralarına ha`m biyliklerine, Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarg`ı Ken`esinin` qararlarına ha`m basqa da hu`jjetlerine, Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Ken`esinin` qararları menen biyliklerine, sonday-aq, usı Rejege a`mel etedi.

4. Komleks baslıg`ı komplekstegi jumıslardın` jag`dayı ushın juwap beredi, tiyisli ma`mleketlik ha`m xojalıq basqarıw uyımları, sho`lkemler jumısının` muwapıqlastırılıwın ha`m qadag`alanıwın, Komplekstin` jumısına kiretug`ın ma`seleler boyınsha Ministler Ken`esine kirgizilgen usınıslar menen hu`jjetler joybarlarının` ha`r ta`repleme ko`rip shıg`ılıwın ta`miyinleydi.

5. Kompleks basshısının` jumısı jaslar, sotsiallıq rawajlandırıw ha`m ruwxıy-ag`artıwshılıq isleri boyınsha ma`selelerdi sheshiwge bag`darlang`an.

6. Kompleks basshısı statusına bola Qaraqalpaqstan Respublikası Hu`kimetinin` ag`zası bolıp tabıladı.

Kompleks basshısı Ministrer Ken`esi ha`m onın` Prezidiumı ma`jilislerinde tikkeley qatnasadı.

**2-bap. Kompleks basshısının` wazıypaları ha`m funktsiyaları**

7. To`mendegiler Kompleks bsshısının` tiykarg`ı wazıypaları bolıp tabıladı:

a) Jaslar siyasatı tarawında:

jaslar, yag`nıy otız jastan aspag`an shaxslar, atap aytqanda, bilimlendiriwge qamtıp alıng`an jaslar, ja`mlespegen jaslar, jas qa`nigeler, isbilermen jaslar, jas fermerler, jas shan`araqlardı ha`r ta`repleme qollap-quwatlaw boyınsha ilajlardı a`melge asırıw;

ulıwma bilim beriw mekteplerinin` 9-klas pitkeriwshilerin ka`sipke bag`darlaw ha`m olardı son`g`ılıg`ında orta arnawlı, ka`sip-o`ner bilimlendiriw sistemasında oqıw menen tolıq qamtıp alıw, ka`sip-o`ner kolledji pitkeriwshilerin jumısqa ornalastırıw boyınsha sistemalı jumıslardı sho`lkemlestiriw;

akademiyalıq litseylerdin` jumıs na`tiyjeliligin arttırıwg`a qaratılg`an komleksli ilajlardı a`melge asıradı, sonın` ishinde, olardı aymaqlar kesiminde optimal ornalastırıw, talantlı jaslardı qamtıp alıw, oqıw protsesinin` sapasın arttırıw;

joqarı bilimlendiriw bag`darları ha`m joqarı mag`lıwmatlı kadrlar tayarlaw ko`rsetkishlerinin` aymaqlar boyınsha optimal bo`listiriliwi boyınsha tiykarlang`an usınıslar islep shıg`ıw, pitkeriwshilerdin` teren` professional bilimge iye bolıwına qaratılg`an ilajlardı a`melge asırıw;

bilimlendiriw sistemasının` barlıq basqıshlarında oqıw protsesinin` sapasın, oqıwshı studentlerdin` dawamlılıg`ın ta`miyilew boyınsha anıq ilajlar ko`riw ha`m qadag`alaw, bul bag`darda bilimlendiriw ma`kemesinin`, ma`ha`llenin`, ma`mleketlik emes kommertsiyalıq emes sho`lkemlerdin`, profilaktika inspektorları menen ata-analardın` o`z-ara birge islesiw jumısların muwapıqlastırıw;

xalıqtın`, a`sirese, jaslardın` kitapqumarlıq ma`deniyatın arttırıw, milliy a`debiyatımızdın` ha`m ja`ha`n a`debiyatının` en` jaqsı u`lgilerin ken`nen u`git-na`siyatlaw, «g`alabalıq ma`deniyat»tın` ko`rinislerine qarsı ruwxıy profilaktikalıq jumıslarg`a basshılıq etiw;

bilimlendiriw sistemasının` barlıq basqıshlarında shet tillerge, komp`yuter texnologiyalarınan ha`m internet resurslarınan paydalanıwdın` aldıng`ı ko`nlikpelerine u`yretiw boyınsha kompleksli ilajlardın` orınlanıwın qadag`alaw;

jaslardın` bos waqıtların mazmunlı sho`lkemlestiriw boyınsha olardın` pikir-usınısların inabatqa alg`an halda anıq ha`m ma`nzilli ilajlar bag`darlamaların islep shıg`ıw, ha`r qıylı do`gereklerge, sonın` ishinde, balalar muzıka ha`m ko`rkem o`ner, balalar ha`m jas o`spirimler sport mekteplerine qamtıp alıw jumısların sistemalı sho`lkemlestiriw;

jaslardı joqarı a`dep-ikramlılıq jaqtan ta`rbiyalaw, olardı ideologiyalıq qa`wip-qa`terlerden qorg`aw ha`m ja`miyette joqarı ruwxıylıq ortalıg`ın qa`liplestiriw bag`darındag`ı jumıslarg`a basshılıq etiw;

jaslardı erkin turmısqa tayarlaw, xalıqtın` ja`miyetlik belsendiligin artırıw, jaslar ta`rbiyası ma`selelesinde ja`miyetlik qadag`alawdı sho`lkemlestiriw, ja`miyette tınıshlıqtı ha`m tatıwlıqtı ta`miyinlew tarawındag`ı wazıypalardı na`tiyjeli orınlawg`a bag`darlang`an ilajlardı a`melge asırıw;

ata-analardın` pedagogikalıq ma`deniyatın arttırıwg`a, ba`rkamal a`wlad ta`biyasında «shan`araq-ma`ha`lle-bilimlendiriw ma`kemesi» ja`miyetlik ken`esi jumısların a`melge asırıwg`a basshılıq etiw;

ja`mlespegen jaslardın` ma`plerin a`melge asırıwda qatnasatug`ın ma`mleketlik uyımlardın`, ma`kemelelerdin` ha`m ma`mleketlik emes kommertsiyalıq emes sho`lkemlerdin` jumısın muwapıqlastırıwg`a ja`ne jaslardın` ja`miyetlik belsendiligin arttırıwg`a qaratılg`an tiykarg`ı bag`darlardı belgilew;

ja`mlespegen jaslardın` mashqalaların anıqlaw ha`m sheshiw ushın olardın` talapların anıqlaw boyınsha monitoring alıp barıw ha`m bahalaw, ka`sipke u`yretiw, jumısqa ornalastırıw, sonın` ishinde, kishi ha`m orta bizneske ha`m shan`araqlıq isbilermenlikke ken`nen tartıwg`a, huqıqbuzarlıq ha`m jınayatshılıqtın` aldın alıwg`a qaratılg`an ilajlardı belgilew;

jas qa`nigelerdi jumısqa ornalastırıwdın` sistemalı monitoringin sho`lkemlestiriwge, miynet bazarında olardın` ba`sekige shıdamlılıg`ın ta`miyinlewge qaratılg`an arnawlı bag`darlamalardı islep shıg`ıw ha`m onı a`meliyatqa engiziw, jas kadrlardı tayarlaw, qayta tayarlaw ha`m mamanlıg`ın arttırıw boyınsha jumıslardı a`melge asırıw;

jaslardın` isbilermenligin ha`m jas fermerlerdin` jumısın rawajlandırıw ushın qolaylı sharayatlar jaratıw, jaslardın` isbilermenligin sho`lkemlestiriwge ko`meklesiw, jen`illikli kreditler beriw, orın ajıratıw, materiallıq ha`m texnikalıq qurallar menen ta`miyinlewge baylanıslı bag`darlamalardı islep shıg`ıw ha`m a`melge asırıw:

jas shan`araqlardı ruwxıylıq ha`m materiallıq jaqtan qollap-quwatlaw, olar ushın mu`na`sip turaq jay ha`m sotsiallıq-turmıslıq sharayatlardı sho`lkemlestiriw boyınsha ilajlar sistemasın a`melge asırıw, kem ta`miyinlengen jas shan`araqlarg`a nızam hu`jjetlerinde belgilengen ta`rtipte materiallıq ja`rdem beriw ilajların ko`riw.

b) Sotsiallıq rawajlandırıw tarawında:

xalıqqa sotsiallıq xızmet ko`rsetiwdin` da`rejesin ha`m sapasın artırıw, o`miri ha`m miynet jolı, joqarı meditsinalıq ja`rdem alıwdı, ma`deniy miyraslar menen tanısıwdı, dene ta`rbiyası ha`m sport penen shug`ıllanıwdı, dem alıwın sho`lkemlestiriw ushın qolaylı sho`lkemlestiriwshilik-huqıqıy ha`m sotsiallıq sharayatlardı jaratıw ha`m sapa jag`ınan jan`a da`rejege ko`teriw boyınsha sistemalı jumıslardı a`melge asırıw;

xalıqtın` sotsiallıq mu`ta`jlikleri menen talapların u`yreniw tiykarında aymaqlarda sotsiallıq rawajlandırıw bag`darlamaların islep shıg`ıw ha`m orınlanıwın monitoring etiw;

densawlıqtı saqlaw sistemasın reformalaw, xalıqqa joqarı mamanlıqtag`ı meditsinalıq ja`rdemdi ko`rsetiw, densawlıqtı saqlaw ma`kemelerinin` materiallıq-texnikalıq bazasın bekkemlew, olardı zamanago`y meditsinalıq a`sbap-u`skeneler menen ta`miyinlew ha`m kadrlardın` potentsialın arttırıw bag`darında sistemalı jumıslardı a`melge asırıw;

awıllıq shıpakerlik punktlerinin` ha`m shan`araqlıq poliklinikalardın` jumıs na`tiyjeliligin arttırıw, ha`r bir insan ha`m pu`tkil shan`araq shen`berinde en` ko`p ushıraytug`ın keselliklerdin` profilaktikasın ha`m emlew protsesin sho`lkemlestiriw, shan`araqlardı patronaj sisteması menen tolıq qamtıp alıw, xalıqtın` meditsinalıq ma`deniyatın arttırıw, salamat turmıs ta`rizin, sonın` ishinde, salamat awqatlanıwdı u`git-na`siyatlaw ilajların a`melge asırıw;

xalıqtın` reproduktivlik samalamatlıg`ın bekkemlew, analardın`, balalardın` ha`m jas o`spirimlerdin` densawlıg`ın qorg`aw, tuwma ha`m na`sillik keselliklerdin` aldın alıw, rawajlanıw nuqsanı bolg`an balalardı meditsinalıq-sotsiallıq reabilitatsiyalaw sapasın arttırıw, olardın` ja`miyetlik turmısta tolıq qatnasıwı ushın za`ru`r sharayatlardı jaratıw;

xalıqqa diagnoz qoyıwdın` zamanago`y usılların engiziw ha`m joqarı mamanlıqtag`ı qa`negelestirilgen meditsinalıq ja`rdemnin` ko`lemin bunnan bılay da ken`eytiw. Ja`ha`n standartları da`rejesindegi en` na`tiyjeli, qurmalı ha`m joqarı texnologiyalı usıllarg`a bolg`an xalıqtın` talabın qanaatlandırıwg`a bag`darlang`an ilajlardın` orınlanıwın ta`miyinlew;

xalıqtı da`ri-da`rmaqlar menen ta`miyinlewdi bunnan bılay da jaqsılaw, jergilikli o`ndirisshiler ta`repinen islep shıg`arılg`an sapalı da`ri-da`rmaqlar ha`m meditsinalıq buyımlar menen ta`miynat da`rejesin arttırıw, jergilikli farmatsevtika sanaatına investitsiyalar kirgiziw ushın shet el jetekshi kompaniyaları menen investorların tartıw boyınsha ilajlardı a`melge asırıw;

sport tarawında alıp barılıp atırg`an jumıslardın` ko`lemin bunnan bılay da ken`eytiw, sporttın` g`alabalıg`ın arttırıw, qızlar arasında sporttı rawajlandırıw, barlıq aymaqlarda, a`sirese, en` alıs awıllarda xalıqaralıq talaplarg`a juwap beretug`ın materiallıq-texnikalıq bazag`a iye en` zamanago`y sport ob`ektlerin qurıw;

xalıqtın` turmıslıq ma`deniyatın ha`m sapasın artırıwg`a qaratılg`an bilimlendiriw, kewilli dem alıw, ba`ntlik, turmıslıq xızmetler ko`rsetiw, ma`deniyat, ko`rkem o`ner ha`m sport tarawları ma`kemelerinen paydalanıw ko`lemin ken`eytiwge qaratılg`an kompleksli ilajlardı a`melge asırıw;

ma`kan puqaralar jıyınları, hayal-qızlar, nuraniyler, jaslar sho`lkemleri, puqaralıq ja`miyetleri institutları, g`alaba xabar qurallarının` tınısh-tatıw turmısımızdı saqlawg`a ha`m bekkemlewge qaratılg`an wazıypalardın` orınlanıwın muwapıqlastırıw.

v) Ruwxıy-ag`artıwshılıq isler tarawında:

xalıq arasında elimizde a`melge asırılıp atırg`an ma`mleketlik siyasattın` tiykarg`ı bag`darların, ken` ko`lemli reformalardın` mazmun-ma`nisin, qabıl etilgen nızam hu`jjetler menen ma`mleketlik bag`darlamalar a`hmiyetinin` u`git-na`siyatlanıwın sho`lkemlestiriw;

xalıqtın` ruwxıylıq mashqalaları menen talapların u`yrenip barıw tiykarında aymaqta ruwxıy ortalıq salamatlıg`ın ta`miyinlew, sho`lkemlestiriwshilik-huqıqıy usılına qaramay barlıq sho`lkemlerdin` ruwxıy-ag`artıwshılıq jumısın muwapıqlastırıw ha`m basshılıq etiw;

xalıqtın` ruwxıy-a`dep-ikramlılıq, diniy-ag`artıwshılıq, ma`deniy da`rejesin arttırıw ha`m onın` turaqlı tu`rde o`sip atırg`an intellektual, estetialıq ha`m ma`deniy talapların ta`miyinlew, ruwxıy-ag`artıwshılıq miyrastı, u`rp-a`detler menen qa`driyatlardı saqlaw, u`git-na`siyatlaw jumıslarına basshılıq etiw;

aymaqta salamat turmıs ta`rizin, milletleraralıq tatıwlıqtı, o`z-ara miyrim-sha`pa`a`t ortalıg`ın bekkemlewge qaratılg`an g`alabalıq ilajlardı ta`miyinlew ha`m sho`lkemlestiriw ma`selelerin muwpıqlastırıw, ilajlardın` maqsetli, ta`rtipli sho`lkemlestiriliwin ha`m ta`rbiyalıq na`tiyjeliligin ta`miyinlew ilajların ko`riw;

aymaqta jınayatshılıqtın` ha`m huqıqbuzarlıqlardın` aldın alıw, adamlardı sergeklikke ha`m abaylı bolıwg`a shaqırıw, jaslarda jat ideyalarg`a qarsı ideologiyalıq immunitetti bekkemlew, huqıqıy ma`deniyattı arttırıw, puqaralarda nızamg`a hu`rmet, huqıqbuzarlıq jag`daylarına jol qoymaw sezimin ku`sheytiwge qaratılg`an na`tiyjeli u`git-na`siyat sistemasın jolg`a qoyıw;

xalıq arasında diniy ekstremizm, terrorizm, na`shebentlik, adam sawdası, nızamsız migratsiya, «g`alabalıq ma`deniyat» qa`wipinen eskertiwge qaratılg`an profilaktikalıq ag`artıwshılıqqa, ta`rbiyalıq ilajlarg`a basshılıq etiw;

xalıq arasında miyrim-sha`pa`a`t, mu`riybet ha`m hu`rmet, insap ha`m diyanat, hu`jdanlılıq, awızbirshilik ha`m tatıwlıq, pidayılıq, watan su`yiwshilik, joqarı ma`rtebelilik ha`m basqa da pazıyletlerdi u`git-na`siyatlaw ja`ne ruwxıy-ag`artıwshılıq jumıslardı rawajlandırıwda ma`ha`lle institutının` ornın ha`m rolin arttırıw bag`darındag`ı jumıslarg`a basshılıq etiw;

elimizde alıp barılıp atırg`an ruwxıy-ag`artıwshılıq jumıslar boyınsha siyasattın` maqset ha`m wazıypalarınan kelip shıg`ıp, aymaqta sho`lkemlestiriletug`ın ilajlardın` mazmunın, na`tiyjeliligin talqılaw, salalardın` sistemalı jumısın sho`lkemlestiriw.

8. Kompleks basshısı o`zine ju`klengen wazıypalarg`a muwapıq:

O`zbekstan Respublikası Prezidenti Apparatının` tiyisli xızmetleri, Ministrler Kabineti ha`m Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarg`ı Ken`esi menen jaslar siyasatı, sotsiallıq rawajlandırıw ha`m ruwxıy-ag`artıwshılıq isleri ma`seleleri boyınsha o`z-ara birge islesedi;

Kompleks quramına kiretug`ın sho`lkemlerdin` kadrların tan`law;

ornı-ornına qoyıw, tayınlaw ha`m wazıypasınan azat etiw boyınsha kompleksli ilajlardı orınlawda respublikalıq ha`m oraylıq strukturalardın` basqarması menen birge islesedi.

Komplekske qaraslı basshı lawazımlarg`a a`meldegi ha`m perspektivalı kadrlar rezervin jetilistiriw boyınsha usınıslar kirgizedi. Rezervke kirgizilgen talabanlardı tayarlap barıw jumısların sho`lkemlestiredi.

Ministrler Ken`esi Baslıg`ı qararları menen biylikleri joybarlarına kelisim ushın qol qoyadı.

O`z wa`killigi shen`berinde O`zbekstan Respublikası ha`m Qaraqalpaqstan Respublikası hu`kimet uyımlarında Ministrler Ken`esinen wa`killik etedi.

Ministrler Ken`esinin` jaslar siyasatı, sotsiallıq rawajlandırıw ha`m ruwxıy-ag`artıwshılıq isler ma`seleleri boyınsha sekretariat baslıqların ha`m bas qa`nigelerin qayta tayarlaw, olardın` mamanlıg`ın arttırıw, xoshametlew ha`m olarg`a qarata ta`rtiplik jaza sharaların qollanıw haqqında Ministrler Kabinetinin` Baslıg`ına usınıslar kirgizedi.

9. Ministrler Ken`esinin` Baslıg`ı ha`m Ministrler Ken`esi Baslıg`ının` orınbasarı basshılıq etetug`ın komissiyalardın` (ken`eslerdin`) jumısın, sonday-aq, olardın` qararlarının` orınlanıwın sho`lkemlestiriw boyınsha qadag`alawdı ta`miyinleydi.

**3-bap. Kompleks basshısının` huqıqları ha`m juwapkershiligi**

10. Kompleks basshısı o`zine ju`klengen wazıypalar menen funktsiyalardı orınlaw ushın to`mendegi huqıqlarg`a iye:

Ministrler Ken`esinde ko`rip shıg`ılatug`ın ma`selelerdi talqılaw ha`m tayarlaw ushın za`ru`r bolg`an materialllar menen mag`lıwmatlardı ma`mleketlik ha`m xojalıq basqarıw uyımları, jergilikli atqarıwshı ha`kimiyat uyımlarınan ha`m basqa da uyımlar menen sho`lkemlerden belgilengen ta`rtipte soraw ha`m alıw;

ma`mleketlik ha`m xojalıq basqarıw uyımları, ma`mleketlik atqarıwshı ha`kimiyat uyımları, basqa da uyımlar ha`m sho`lkemler basshıları menen wa`killerinin` qatnasıwında ma`jilisler o`tkeriw;

juwapkershilik ju`klengen ministrliklerdin`, ma`mleketlik komitetler menen vedomstvolardın`, ma`mleketlik ha`m xojalıq basqarıw uyımları kollegiyalıq uyımlarının` ma`jilislerinde, sonday-aq, Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarg`ı Ken`esi Baslıg`ının` ha`m Ministrler Ken`esi Baslıg`ının` tapsırmaları boyınsha – ma`mleketlik basqarıw uyımlarının`, ma`mleketlik emes kommertsiyalıq emes sho`lkemlerdin` ha`m basqa da sho`lkemlerdin` Kompleks basqaratug`ın tarawg`a kiretug`ın ma`seleler boyınsha o`tkeriletug`ın ma`jilisleri menen jıynalıslarında qatnasıw;

ma`mleketlik ha`m xojalıq basqarıw uyımları, ilimiy ma`kemeleler ha`m basqa da sho`lkemlerdin` basshıları menen wa`killerin Ministrler Ken`esinde ko`rip shıg`ılatug`ın ma`selelerdi islep shıg`ıw ushın belgilengen ta`rtipte tartıw, tiyisli ma`seleler boyınsha waqtınsha jumısshı toparlar du`ziw;

«Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Ken`esi haqqında»g`ı Qaraqalpaqstan Respublikası nın` Nızam talapları buzılg`an jag`dayda tu`setug`ın hu`jjetlerdi qaytarıw.

Kompleks basshısının` za`ru`r materiallardı, mag`lıwmatlardı usınıw, sonday-aq, O`zbekstan Respublikası menen Qaraqalpaqstan Respublikasının` nızamları, O`zbekstan Respublikası Prezidentinin` pa`rmanları, qararları ha`m biylikleri, Ministrler Ken`esinin` qararları ha`m basqa da hu`jjetleri, Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarg`ı Ken`esinin` qararları ha`m basqa da hu`jjetleri, Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Ken`esinin` qaraları ha`m biylikleri joybarların puqta islep shıg`ıw boyınsha talapları menen tapsırmaları belgilengen mu`ddetlerde orınlanıwı kerek.

Kompleks basshısının` o`zi basqaratug`ın ma`seleler boyınsha ministrliklerdin`, ma`mleketlik komitetlerdin`, vedomstvolardın`, xojalıq birlespelerinin`, ka`rxanalardın` ha`m basqa da sho`lkemlerdin` basshılarına tapsırmaları belgilengen ta`rtipte orınlanwı ma`jbu`riy bolıp tabıladı.

11. Kompleks basshısı:

o`zine ju`klengen wazıypalardın` za`ru`r da`rejede ha`m sapalı orınlanıwı ushın;

O`zbekstan Respublikası menen Qaraqalpaqstan Respublikası nızamlarının`, O`zbekstan Respublikası Oliy Majlisi palatalarının` qararları menen basqa da hu`jjetlerinin`, O`zbekstan Respublikası Prezidenti pa`rmanlarının`, qararlarının`, biylikleri menen tapsırmalarının`, Ministrler Kabineti, Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarg`ı Ken`esi ha`m Ministrler Ken`esi basqarıw tapsırmalarının` jaslar siyasatı, sotsiallıq rawajlandırıw ha`m ruwxıy-ag`artıwshılıq isler kompleksinin` quramına kiretug`ın ma`mleketlik ha`m xojalıq basqarıw uyımları, sho`lkemler ta`repinen o`z waqtında ha`m sapalı orınlanıwın ta`miyinlew ushın;

Ministrler Kabinetinin` «Atqarıw ta`rtibin bekkemlew ilajları haqqında»g`ı 1999-jıl 12-yanvar`dag`ı 12-sanlı qararına muwapıq atqarıw ta`rtibinin` bekkemleniwi ushın juwap beredi.

**4-bab. Kompleks basshısının` jumısın sho`lkemlestiriw**

12. Kompleks basshısının` isleri «Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Ken`esi haqqında»g`ı Qaraqalpaqstan Respublikasının` Nızamı, O`zbekstan Respublikası Prezidentinin`, O`zbekstan Respublikası Bas ministrinin`, Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarg`ı Ken`esinin` ha`m Ministrler Ken`esi Baslıqlarının` tapsırmalarına, usı Nızamg`a muwapıq, sonday-aq, Miistrler Ken`esinin` rejeleri ha`m jaslar siyasatı, sotsiallıq rawajlandırıw ha`m ruwxıy-ag`artıwshılıq isler kompleksinin` is rejesi tiykarında sho`lkemlestiriledi.

Komplekstin` is rejesi kompleks basshısı ta`repinen tastıyıqlanadı.

13. Kompleks basshısının` O`zbekstan Respublikası menen Qaraqalpaqstan Respublikası nızamlarının`, O`zbekstan Respublikası Prezidenti parmanlarının`, qararları menen biyliklerinin`, hu`kimet qararlarının` juwapkershilik ju`klenetug`ın ma`mleketlik ha`m xojalıq basqarıw uyımlarında, sho`lkemlerde, jergilikli atqarıwshı ha`kimiyat uyımlarında a`melge asırılıwının` sistemalı monitoringin ta`miyinlew boyınsha jumısı Ministrler Ken`esinin` is rejesine, sonday-aq, Miistrler Ken`esi baslıg`ının` tapsırmalarına muwapıq kompleksli u`yreniwlerdi a`melge asırıw jolı menen, Ministrler Ken`esinin` Prezidium ma`jilislerinde jaslar siyasatı, sotsiallıq rawajlandırıw ha`m ruwxıy-ag`artıwshılıq isleri ma`seleleri kompleksinin` esapların tın`lag`an halda sho`lkemlestiriledi.

**5-bap. Kompleks basshısı ta`repinen jumısları sho`lekemlestiriletug`ın komissiyalar ha`m ken`esler**

Kadrlar tayarlaw milliy bag`darlamasın a`melge asırıw boyınsha Respublikalıq komissiyası;

Respublikalıq epidemiyag`a qarsı gu`resiw ayrıqsha komissiyası;

AİV infektsiyasının` tarqalıwına qarsı gu`resiwge baylanıslı ilajlardı muwapıqlastırıw boyınsha Respublikalıq kishi komissiyası;

Narkotik zatlardı qadag`alaw boyınsha Respublikalıq komissiyası;

Geografiyalıq ob`ektlerge atama beriw ha`m qayta atama beriw ma`seleleri boyınsha Respublikalıq komissiyası;

Tasqın suwlar, sel ag`ımları menen ko`shiwlerdi qa`wipsiz o`tkeriwdi ta`miyinlew boyınsha suw tasqınına qarsı gu`res boyınsha Hu`kimetlik komissiyası;

Respublialıq ma`limleme-kitapxana sistemasının` jumısın muwapıqlastırıwshı vedomstvolararalıq Ken`esi;

2020-jılı Yaponiyada o`tkeriletug`ın XXXII jazg`ı Olimpiyada ha`m XVI Paralimpiya oyınlarına O`zbekistan sportshıların tayarlawdı sho`lkemlestiriw ha`m jetilistiriw boyınsha Respublikalıq komissiyası;

«Nawrız» ulıwmaxalıqlıq ha`m «G`a`rezsizlik» bayramların belgilewdi sho`lkemlestiriw boyınsha turaqlı jumıs alıp baratug`ın Respublikalıq komissiyası;

Ministrler Ken`esi janındag`ı jas o`spirimler isleri boyınsha komissiyası;

O`zbekistan jaslar awqamı Qaraqalpaqstan Respublikalıq Ken`esi;

«Ma`mleketlik til haqqında»g`ı Qaraqalpaqstan Respublikasının` Nızamın a`melge asırıw ha`m latın jazıwı tiykarında qaraqalpaq a`lipbesin enigiziw komissiyası;

Densawlıqtı saqlaw sistemasın reformalaw, ma`mleketlik bag`darmalardı a`melge asırıwdı sho`lkemlestiriw ha`m qadag`alaw boyınsha Respublikalıq komissiyası;

Ja`miyetlik ko`nlikpe orayı isleri boyınsha jumıs alıp baratug`ın Respublikalıq komissiyası;

Respublikalıq a`skeriy xızmetke shaqırıw boyınsha komissiyası;

Tuberkulez keselliginin` aldın alıwdı ha`m og`an qarsı gu`resiwdi ku`sheytiw boyınsha vedomstvolararalıq komissiyası;

Balalardı jazg`ı dem aldırıw ha`m salamatlandırıw boyınsha Respublikalıq turaqlı komissiyası.

*Ko'rip shi'g'i'ldi':*